МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ
ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН
ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

# ПРИКАЗ

«18» 12 2018 г. №2566-п

г. Грозный

Об утверждении контрольных измерительных
материалов по чеченскому языку, кодификатора
и спецификации к ним

В соответствии с Порядком проведения государственной итоговой аттестации по образовательным программам основного общего образования, утвержденным приказом Министерства просвещения Российской Федерации от 7 ноября 2018 г. № 189/1513,

ПРИКАЗЫВАЮ:

1. Утвердить контрольные измерительные материалы по чеченскому языку, кодификатор и спецификацию согласно приложениям № 1, № 2;
2. Контроль за исполнением настоящего приказа возложить на первого заместителя министра И.Д. Тааева.

Министр И. Б. Байханов

КОПИЯ ВЕРНА №1

2019-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу
ПАЧХЬАЛКХАН ЖАМӀДАРАН АТТЕСТАЦИ

# №1 йолу жоьпийн бланк

Дӏаяхьаран хан ☐☐ – ☐☐ – ☐☐

| Регион | Дешаран хьукматан код | Класс номер элп | Дӏаяхьаран меттиган код | Аудиторин номер | Вариантан номер |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

| Предметан код | Предметан цӏе |
|---|---|
| 34 | ЧЕЧЕНСКИЙ |

**Экзаменан декъашхочо куьг таӏош йолу меттиг.**

ТЛК-н (КИМ) номер

ӀАЬРЖА шекъа долчу гелеви ручкица язде хӀокху кепехь:
А Б В Г Д Е Ё Ж З И Й К Л М Н О П Р С Т У Ф Х Ц Ч Ш Щ Ъ Ы Ь Э Ю Я 0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 ( )
A B C D E F G H I J K L M N O P Q R S T U V W X Y Z , – ;

ТИДАМЕ! ТЛК-н массо бланк а, кехат а цхьаьна толлу.

## Пачхьалкхан жамӀдаран аттестацин декъашхочух хаамаш

Фамили

Цӏе

Ден цӏе

Документ Сери Номер

**Тӏедахкаршна жоьпаш**

**Жоьпийн гӏалаташ нисдар ца магадо**

1. Тӏедиллар кхочушдо №2 йолчу бланка тӀехь
2.
3.
4.
5.
6.
7.
8.
9.
10.
11.
12.
13.
14.
15. Тӏедиллар кхочушдо №2 йолчу бланка тӀехь
16. Хьиэ ца йо
17. Хьиэ ца йо
18. Хьиэ ца йо
19. Хьиэ ца йо
20. Хьиэ ца йо
21. Хьиэ ца йо
22. Хьиэ ца йо
23. Хьиэ ца йо
24. Хьиэ ца йо
25. Хьиэ ца йо
26. Хьиэ ца йо
27. Хьиэ ца йо
28. Хьиэ ца йо
29. Хьиэ ца йо
30. Хьиэ ца йо
31. Хьиэ ца йо
32. Хьиэ ца йо

Гӏалаташ девлла жоьпаш нисдар

Резерв-1 Резерв-2

☐ Низам дохорна экзаменера араваьккхина
☐ Бехказа долчу бахьанина экзамен чекх ца яьккхина

2019-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу
ПАЧХЬАЛКХАН ЖАМIДАРАН АТТЕСТАЦИ

Лист №    Резерв-3

# №2 йолу жоьпийн бланк

Регион    Предметан код    Предметан цIе    Вариантан номер

№1 йолчу жоьпийн бланка тIера схьаязъе ТЛК-н (КИМ) номер, "вариантан номер", "предметан цIе", "предметан код", "регион".
ТIедахкаршна дуьззина жоьпаш луш, билгалйинчу меттигна тIех а ца волуш, цIена а, йоза къаьсташ а язде.
Шаьш жоп лучу тIедилларан номер дIаязъян диц ма де.
ТIедилларан чулацам схьаязбан ца оьшу.

ТЛК-н номер

**ТИДАМЕ!** ТЛК-н массо бланк а, кехат а цхьаьна толлу. Iаьржа шекъа долчу гелеви ручкица язде.

Яздан меттиг ца тоахь, хIокху бланкана тIехьа язде.

2019-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу
ПАЧХЬАЛКХАН ЖАМIДАРАН АТТЕСТАЦИ

# №2 йолчу жоьпийн бланкан тIетоьхна дакъа

Лист №

Резерв-3

Регион | Предметан код | Предметан цIе | Вариантан номер

№1 йолчу жоьпийн бланка тIера схьаязъе ТЛК-н (КИМ) номер, "вариантан номер", "предметан цIе", "предметан код", "регион".
ТIедахкаршна дуьззина жоьпаш луш, билгалйинчу меттигна тIех а ца волуш, цIена а, йоза къьсташ а язде.
Шаьш жоп лучу тIедилларан номер дIаязъян диц ма де.
ТIедилларан чулацам схьаязбан ца оьшу.

ТЛК-н номер

**ТИДАМЕ!** ТЛК-н массо бланк а, кехат а цхьаьна толлу. Iаьржа шекъа долчу гелеви ручкица язде.

Яздан меттиг ца тоахь, хIокху бланкана тIехьа язде.

**Нохчийн меттан экзаменационни белхан мах хадоран къепе (система)**

**1 дакъа**

| *Ладогlа билгалйина текст* |
|---|

**Хьалхара гlулч**

Дlаяхара бераллин хаза хан, тlаьхьайисира школа а. Хьалхахьа лаьттара кlезиг девза, чолхе делахь а, тамашийна дахар. Оцу тlаьххьарчу дешаран шарахь охашимма дукха ойланаш йора, дахаран муьлхачу новкъа гlуо-техьа вайша бохуш. Дог-ойла школана тlехь сецарна, тхойшинна лаьара, хьехархо а хилла, школе вухаверза.

Хьехархочун болх бан кхин дlа а деша дезара. Ткъа итт класс чекхйоккхуш ткъаткъа шо хенаш а йолуш, кхин дlа а доьшуш лела воккха хиларна, хьехархочун говзалла lамо аьтто бацара тхойшиннан. Жима волуш да-нана делла, байлахь висна шен вежарщца вехачу сан доттагlчун Анзоран хьал кхин а аьтто боцуш дара. Вежарий мел дика белахь а, дукха хена дуьйна несарех ийзалуш, эхь хеташ, амма балха а вахна, школа дlатаса ца лууш, хан йоккхуш вара иза.

Аттестаташ каракхаьчначу буса тхойшинна наб ца кхийтира. Хазахетаро а, шолгlачу дийнахь дахаре дуьххьара таса езачу гlулчо а яйинера наб. И хьалхара гlулч тесира охашимма тракторна тlаьхьа тийсинчу нахарщца ялтийн аренаш охуш. Цул тlаьхьа шо даьлча тхойшиннан аьтто белира нахаршна тlера оццу тракторна тlехаа. Иштта дlадоладелира тхойшиннан къинхьегаман дахар.

(А. Айдамировн текстан буха тlехь) (161 дош)

**Хаттарш:**

1. Муьлха ойланаш йора охашимма тlаьххьарчу дешаран шарахь?
2. Хlун лаьара тхойшинна?
3. Хlунда бацара тхойшиннан хьехархочун говзалла lамо аьтто?
4. Стен яйинера наб аттестаташ каракхаьчначу буса?
5. Муха тесира охашимма хьалхара гlулч?

**Жоьпаш:**

1) Тlаьххьарчу дешаран шарахь охашимма дукха ойланаш йора, дахаран муьлхачу новкъа гlуо-техьа вайша бохуш.

2) Дог-ойла школана тlехь сецарна, тхойшинна лаьара, хьехархо а хилла, школе вухаверза.

3) Итт класс чекхйоккхуш ткъаткъа шо хенаш а йолуш, кхин дlа а доьшуш лела воккха хиларна, хьехархочун говзалла lамо аьтто бацара тхойшиннан.

4) Аттестаташ каракхаьчначу буса хазахетаро а, шолгlачу дийнахь дахаре дуьххьара таса езачу гlулчо а яйинера наб.

5) И хьалхара гlулч тесира охашимма тракторна тlаьхьа тийсинчу нахарщца ялтийн аренаш охуш.

## 1-чу т1едилларан мах хадоран критереш

*1 таблица*

| № | Ладоьг1начу текстан буха т1ехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан мах хадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| ХЖК1 | **Жоп т1едилларца дог1уш хилар** | |
| | Жоп т1едилларца дог1уш ду (хаттаршна жоьпаш яздина) | 1 |
| | Жоп т1едилларца дог1уш дац (текст ма-ярра схьаязйина) | 0 |
| ХЖК2 | **Жоьпийн барам** | |
| | Экзамен лучо ладоьг1начу текстан буха т1ехь х1иттийначу дерриге а хаттаршна нийса жоьпаш делла<br>**я**<br>4 хаттарна нийса жоп делла | 2 |
| | Экзамен лучо ладоьг1начу текстан буха т1ехь х1оттийначу 3<br>**я**<br>2 хаттарна нийса жоп делла | 1 |
| | Экзамен лучо ладоьг1начу текстан буха т1ехь х1оттийначу 1 хаттарна нийса жоп делла<br>**я**<br>цхьана а хаттарна нийса жоп ца делла | 0 |
| ХЖК3 | **Белхан д1ах1оттам** | |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дирзина | 2 |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дерзар нисделла **амма**<br>2 жоьпан хьалха-т1аьхьалла галъяьккхина | 1 |
| | Экзамен лучо далийна жоьнаш йозучу тексте дерзар ца нисделла,<br>**я**<br>3 жоьпан хьалха-т1аьхьалла галъяьккхина | 0 |
| **ХЖК1–ХЖК2 критерешца кхочушбинчу йозанан белхан баллийн лаккхара барам** | | **5** |

***ХЖК** – хаттарийн жоьпийн критереш

## 2 дакъа

### 2–14 т1едахкарш таллар

Экзаменационни белхан 2 декъан т1едахкарш нийса кхочушдарна экзамен лучунна х1ора т1едилларна цхьацца балл х1оттайо. Нийса доцчу жоьпана я жоп цадаларна ноль балл х1оттайо.

*2 таблица*

| Т1едилларан номер | Нийса жоп |
|---|---|
| 2 | |
| 3 | |
| 4 | |
| 5 | |

| | |
|---|---|
| 6 | |
| 7 | |
| 8 | |
| 9 | |
| 10 | |
| 11 | |
| 12 | |
| 13 | |
| 14 | |

## 3 дакъа

### 15 (1, 2, 3) т1едилларан мах хадоран критереш

15.1 (сочинени-ойлаяр) т1едилларан жоьпан мах хадабо х1окху критерешца

*3 таблица*

| № | Лингвистически темина сочиненин-ойлаяран (15.1) мах хадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| С1К1 | **Нийса жоп хилар** | |
| | Экзамен лучо ойлаяр теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически г1алаташ дац | 2 |
| | Экзамен лучо ойлаяр теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо ойлаяр теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически шиъ я цул сов г1алат далийтина,<br>**я**<br>тезис т1е ца ч1аг1йина,<br>**я**<br>ойлаяр т1едилларан контекстаца дог1уш дац,<br>**я**<br>тезис т1еч1аг1йина лаххарчу барамехь | 0 |
| С1К2 | **Масалш-т1еч1аг1дарш хилар** | |
| | Экзамен лучо текстера ши масал-т1еч1аг1дар далийна, текстехь церан долу маь1на нийса билгал а деш | 3 |
| | Экзамен лучо текстера ши масал-т1еч1аг1дар далийна,<br>**амма**<br>текстехь церан долу маь1на билгал ца дина.<br>**я**<br>текстера ши масал-т1еч1аг1дар далийна, текстехь церан долу маь1на цхьаннан беи билгал а ца деш,<br>**я**<br>текстера цхьа масал-т1еч1аг1дар далийна, текстехь цуьнан долу маь1на билгал а деш | 2 |
| | Экзамен лучо текстера цхьа масал-т1еч1аг1дар далийна, текстехь цуьнан долу маь1на билгал а ца деш. | 1 |
| | Экзамен лучо тезис гойтуш долу цхьа а масал-т1еч1аг1дар ца далийна,<br>**я**<br>экзамен лучо далийна масалш-т1еч1аг1дарш ешначу текстера | 0 |

| | | |
|---|---|---|
| | дац | |
| С1К3 | **Маь1нийн цхьаалла, сочинении къамелан уьйр а, хьалха-т1аьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а:<br>– маь1нин г1алаташ дац, схьадийцаран хьалха-т1аьхьалла гал ца яьккхина;<br>– балха т1ехь текст абзацашка екъар гал ца даьккхина | 2 |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а,<br>**амма**<br>маь1нин цхьа г1алат далийтина,<br>**я**<br>балха т1ехь текст абзацашка екъарехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо бинчу балха т1ехь хаало коммуникативни дагалацам,<br>**амма**<br>цхьаннал сов маь1нин г1алат далийтина,<br>**я**<br>текст абзацашка екъарехь ши г1алат далийтина | 0 |
| С1К4 | **Белхан д1ах1оттам** | |
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан д1ах1оттамехь г1алаташ дац | 2 |
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, **амма**<br>текстан д1ах1оттамехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Балха т1ехь текстан д1ах1оттамехь шиъ я цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **С1К1 – С1К4 критерешца сочинении баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-ярра схьаязйина я схьайийцина текст елахь, оцу белхан С1К1 – С1К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Кхочушъечу вариантан 15.1 т1едилларехь ялийначу цитатех къаьсташ йолчу цитатин буха т1ехь язйинчу сочиненин талларан ерриге а критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсаяздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

### 15.2 т1едилларан мах хадоран критереш

15.2 (сочинени-ойлаяр) т1едилларан жоьпан мах хадабо х1окху критерешца

*4 таблица*

| № | **Текстан анализца йог1учу темина язйинчу сочиненин-ойлаяран (15. 2) мах хадоран критереш** | **Баллаш** |
|---|---|---|
| **С2К1** | **Текстан кийсакан маь1нах кхетар** | |
| | Экзамен лучо нийса кхетам белла кийсакан чулацаман. Кхетам баларехь г1алаташ дац | 2 |
| | Экзамен лучо нийса кхетам белла кийсакан чулацаман,<br>**амма**<br>цуьнан кхетам баларехь цхьа г1алат далийтина | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| | Экзамен лучо нийса кхетам ца белла кийсакан чулацаман, **я** экзамен лучо шиъ я цул сов г1алат далийтина текстан кийсакан чулацаман кхетам баларехь, **я** экзамен лучун балха т1ехь кийсакан чулацаман кхетам балар дац | 0 |
| **С2К2** | **Масалш-т1еч1аг1дарш хилар** | |
| | Экзамен лучо ялийначу кийсакан чулацаман кхетам баларца дог1у ши масал-т1еч1аг1дар далийна текстера | 3 |
| | Экзамен лучо ялийначу кийсакан чулацаман кхетам баларца дог1у цхьа масал-т1еч1аг1дар далийна текстера | 2 |
| | Экзамен лучо масал (-ш) - т1еч1аг1дар (- ш) ешначу текстера ца далийна | 1 |
| | Экзамен лучо ялийначу кийсакан чулацамна кхетам луш долу цхьа а масал ца далийна, **я** экзамен лучо масална-т1еч1аг1дарна метта т1едиллларехь йолу цитата **я** цуьнан дакъа далийна | 0 |
| **С2К3** | **Маь1нийн цхьаалла, сочиненин къамелан уьйр а, хьалха-т1аьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо бечу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а: – маь1нин г1алаташ дац, схьадийцаран хьалха-т1аьхьалла гал ца яькхина; – балха т1ехь текст абзацашка екъар гал ца даькхина | 2 |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а, **амма** маь1нин цхьа г1алат далийтина **я** балха т1ехь текст абзацашка екъарехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо бинчу балха т1ехь хаало коммуникативни дагалацам, амма цхьаннал сов маь1нин г1алат далийтина, я текст абзацашка екъарехь ши г1алат далийтина | 0 |
| **С2К4** | **Белхан д1ах1оттам** | |
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан д1ах1оттамехь г1алаташ дац | 2 |
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, **амма** текстан д1ах1оттамехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Балха т1ехь текстан д1ах1оттамехь шиъ я цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **С2К1 – С2К4 критерешца сочиненин баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-ярра схьаязйина я схьайийцина текст елахь, оцу белхан С2К2 – С2К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучо къамел нийсаяздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица).

## 15.3 т1едилларан мах хадоран критереш

15.3 (сочинени-ойлаяр) т1едилларан жоьпан мах хадабо х1окху критерешца

*5 таблица*

| № | Текстан анализца йог1учу темина язйинчу сочиненин-ойлаяран (15. 3) мах хадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| С3К1 | **Дешан маь1надар** | |
| | Экзамен лучо (сочиненин муьлххачу а цхьана декъехь муьлххачу кепехь) билгалдаккхар далийна, комментари йина | 2 |
| | Экзамен лучо (сочиненин муьлххачу а цхьана декъехь муьлххачу кепехь) билгалдаккхар далийна, **амма** комментари ца йина | 1 |
| | Экзамен лучо нийсадоцу билгалдаккхар далийна, **я** экзамен лучун балха т1ехь дешан маь1надар дац | 0 |
| С3К2 | **Масалш-аргументаш хилар** | |
| | Экзамен лучо далийна ши масал-аргумент: цхьа масал-аргумент ешначу текстера, шолг1аниг-дахарера, я экзамен лучо ши масал-аргумент ешначу текстера далийна | 3 |
| | Экзамен лучо ешначу текстера цхьа масал-аргумент далийна | 2 |
| | Экзамен лучо дахарера масал (-ш)-аргумент (-аш) далийна | 1 |
| | Экзамен лучо цхьа а масал-аргумент ца далийна | 0 |
| С3К3 | **Маь1нийн цхьаалла, сочинении къамелан уьйр а, хьалха-т1аьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо бечу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а:<br>– маь1нин г1алаташ дац, схьадийцаран хьалха-т1аьхьалла гал ца яьккхина;<br>– балха т1ехь текст абзацашка екъар гал ца даьккхина | 2 |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маь1нийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-т1аьхьалло а, **амма** маь1нин цхьа г1алат далийтина **я** балха т1ехь текст абзацашка екъарехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Экзамен лучо бинчу балха т1ехь хаало коммуникативни дагалацам, **амма** цхьаннал сов маь1нин г1алат далийтина, **я** текст абзацашка екъарехь ши г1алат далийтина | 0 |
| С3К4 | **Белхан д1ах1оттам** | |
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан д1ах1оттамехь г1алаташ дац | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| | Болх шен д1ах1оттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу,<br>**амма**<br>текстан д1ах1оттамехь цхьа г1алат далийтина | 1 |
| | Балха т1ехь текстан д1ах1оттамехь шиъ я цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **С3К1 – С3К4 критерешца сочинении баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-ярра схьаязйина я схьайийцина текст елахь, оцу белхан С3К1 – С3К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсаяздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

*6 таблица*

| № | Экзамен лучо къамел нийса яздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадоран критереш | Баллаш |
|---|---|---|
| **ГК1** | **Орфографически норманаш ларъяр** | |
| | Орфографически г1алаташ дац, **я** 2-нал сов г1алат ца далийтина | 2 |
| | 3-4 г1алат далийтина | 1 |
| | 5 я цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **ГК2** | **Пунктуационни норманаш ларъяр** | |
| | Пунктуационни г1алаташ дац, **я** 3-нал сов г1алат ца далийтина | 2 |
| | 4-5 г1алат далийтина | 1 |
| | 6 **я** цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **ГК3** | **Грамматически норманаш ларъяр** | |
| | Грамматически г1алат дац, **я** 2 г1алат далийтина | 2 |
| | 3 г1алат далийтина | 1 |
| | 4 **я** цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **ГК4** | **Къамелан норманаш ларъяр** | |
| | Къамелан г1алаташ дац, **я** 3-нал сов г1алат ца далийтина | 2 |
| | 4-5 г1алат далийтина | 1 |
| | 6 **я** цул сов г1алат далийтина | 0 |
| **ФК1** | **Йозанан къамелан фактически нийса хилар** | |
| | Материал схьайийцарехь **я** терминех кхетарехь а, юкъаялорехь а г1алат ца далийтина | 2 |
| | Материал схьайийцарехь **я** терминаш юкъаялорехь 1 г1алат далийтина | 1 |
| | Материал схьайийцарехь **я** терминаш юкъаялорехь 2 г1алат далийтина | 0 |
| **ФК1, ГК1–ГК4 критерешца сочиненин а, жима йозанан белхан а мах хадоран баллийн лаккхара барам** | | **1** |

Нийсаяздаран мах хадорехь (ГК1-ГК4) тидаме эца беза **жима йозанан белхан а, сочиненин а барам**.

6-чу таблицехь гайтинчу нормативех пайдаоьцу, вовшахтоьхча 100 я цул сов дешнийн барам болу **жима йозанан болх а, сочинени а** талларехь, мах хадорехь.

Нагахь **сочиненин, жима йозанан белхан** вовшахтоьхна барам 50-99 дош хилахь, ГК1-ГК4 х1ора критерина 1 баллал сов ца х1оттайо.

ГК1-1 балл х1оттайо, нагахь орфографически г1алаташ дацахь я 2 доккха доцу г1алат далийтинехь;

ГК2-1 балл х1оттайо, нагахь пунктуационни г1алаташ дацахь я 3 доккха доцу г1алат далийтинехь:

ГК3-1 балл х1оттайо, нагахь грамматически г1алаташ дацахь я 2 доккха доцу г1алат далийтинехь:

ГК4-1 балл х1оттайо, нагахь къамелан г1алаташ дацахь я 3 доккха доцу г1алат далийтинехь.

Нагахь **жима йозанан белхан а, сочинении а** барам 50 дашал лахара хилахь, цу тайнанчу белхан ГК1-ГК4 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Нагахь дешархочо кхоллараллин **цхьа** болх бен кхочуш ца бинехь (я жима йозанан болх, я сочинени), ГК1-ГК4 критерешца мах хадор цу белхан бараме хьаьжжина хуьлу:

– нагахь белхан барам 100 дашал лахара бацахь, нийсаяздаран мах хадабо
6-чу таблицех пайдаоьцуш;

– нагахь белхан барам 50-99 дош делахь, ГК1-ГК4 х1ора критерина 1 баллал сов ца х1оттайо (хьажа лакхахь);

– нагахь белхан барам 50 дашал лахара белахь, цу тайпанчу белхан ГК1-ГК4 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна хила йиш йолчу **баллийн лаккхара барам-37**

Коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу Пачхьалкхан жам1даран аттестаци д1аяхьаран Бакъонца дог1у (*Нохчийн Республикин дешаран а, 1илманан а Министерствон* 2014-*чу шеран ноябрь беттан* 26-*чу дийнан* № 1181-*п омра*).

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан х1ора т1едилларна йог1уш йолу балл х1оттайо. Нагахь санна цу шина эксперто х1иттийна баллаш цхьаьнайог1уш ца хилахь, и болх кхоалг1ачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йог1уш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председатело кхоалг1а талламхо (эксперт) х1оттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн мах хадоран баллийн информаци кхоалг1ачу талламхочуьнга (эксперте) д1ало.

Кхоалг1ачу талламхочо (эксперто) х1иттийна баллаш т1аьххьара ю.

Ладам боллуш лору шина талламхо 1-чунна т1ера 15-чунна т1еккхаччалц долу т1едахкарш кхочушдарехь х1иттийначу баллийн барам **10** а. цул сов а цхьаьнацабар нислахь (х1ора эксперто т1едахкарийн мах хадоран массо позицешца (*критерешца*) х1иттийна баллаш вовшахтуху: ХЖК1–ХЖК2, С1К1– С1К4, С2К1– С2К4, С3К1– С3К4, ГК1–ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалг1ачу талламхочо (эксперто) мах хадоран ерриге а позицешца 1-15-г1ий т1едахкаршна юха а таллам бо.*

**Экзаменационни болх кхочушбаран мах хадабо 5 баллан т1ег1анца (*шкала*)**

«2» дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъана 12 баллал (0 – 12) сов ца яьккхинехь.

«3» дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъан 13 баллал к1езиг а, 22 баллал дукха а йоцуш (13 – 22) баллаш яьхнехь.

«4» дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъан 23 баллал к1езиг а, 31 баллал дукха а йоцуш (23 – 31) баллаш яьхнехь. Цу т1е дешархо декхарийлахь ву нийсаяздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) 4 балл яккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо 4 баллал к1езиг яьккхинехь, т1аккха «3» дуьллу.

«5» дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъан 32 баллал к1езиг а, 37 баллал дукха а йоцуш (32 – 37) баллаш яьхнехь. Цу т1е дешархо декхарийлахь ву нийсаяздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) 6 балл яккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо 6 баллал к1езиг яьккхинехь, т1аккха «4» дуьллу.

## 1 вариант

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах лаьтташ бу, шена чохь 15 тIедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан ю (235 минот).

1-чу декъана юкъадогIу цхьа тIедиллар. Иза **ладоьгIначу текстан буха тIехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугIу.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

2-гIа дакъа лаьтта 13 тIедилларх (2-14). 2-чу декъан тIедахкарш кхочушдо **ешначу текстан буха тIехь**.

2-14-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIаяздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп яздан билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тIедахкаршна нийса жоп ца яздинехь, цунна тIе сиз хьаккхий, юххехь керла жоп дIаязде.

3-чу декъан тIедиллар кхочушдо 2-чу декъан тIедахкаршца айхьа болх беш **ешначу текстан буха тIехь**.

3-чу декъан болх болош, далийначу кхаа тIедилларх (15.1, 15.2 я 15.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тIедилларна, ялийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугIатах пайдаэца.

ТIедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тIехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тIедахкаршна яьхна ерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тIедахкарш кхочушдан а, баллаш яха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

## 1 дакъа

| |
|---|
| ***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.*** <br> ***Цкъа хьалха тIедилларан номер дIаязъе, цул тIаьхьа – йозанан болх.*** |

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала. Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза. Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-ярра схьаязйина ладоьгIна текст елахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьаяздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха ойланаш йора охашимма тIаьххьарчу дешаран шарахь?
2. ХIун лаьара тхойшинна?
3. ХIунда бацара тхойшиннан хьехархочун говзалла Iамо аьтто?
4. Стен яйинера наб аттестаташ каракхаьчначу буса?
5. Муха тесира охашимма хьалхара гIулч?

***Текст дӀа а еший, 2-14 тӀедахкарш кхочушде.***

(1)Цхьана юьртахь вехаш-Ӏаш хилла цхьа стаг. (2)Цуьнан хилла жӀаьла. (3)Ков-керт, хӀусамден жа къуйх, берзалойх лардеш, жаӀуша къуьйсуш, дика жӀаьла хилла иза. (4)Кхано, хан-зама яьлча, голаш эгош, къанделла, тишделла дӀадаьлла и жӀаьла. (5)Цул сов, кан а даьлла, вортан тӀера чоьш дайна хилла. (6)И жӀаьла хӀинца пайденна дац, вай эрна кхобу, иза дӀадаккха бохуш, цӀийнда хьийзош хилла зудчо. (7)Багахь дуьрста йоцуш, бартана чехка хилла и зуда. (8)Да реза ца хуьлуш, дикка хан дӀаяьлла. (9)Эххар а, генна пана махка а дигна, дас дӀахецна и къена жӀаьла. (10)Амма жӀаьла, кхечу жӀаьлеша хьекхийна, кхин тӀе а тишделла, эрчадаьлла, дукха хан ялале, хецца цӀа деъна. (11)Иза гина, мохь баьлла зудчун:

(12)– ХӀай стаг, цӀа деъна хьуна хӀара деха ма дахарг, дӀадаккха иза! (13)Хьо шена чу садиллина вуйла хууш, юха ма деана иза. (14)Со лолда хьан, ас бохург ца дахь.

(15)Ткъа жӀаьла, цунах чӀогӀа кхераделла, дӀатеббинчохь Ӏаш хилла.

(16)– Дика ду, ахь бохург дийр ду, зуда, хьо йолуьйтийла ма дац, кхана цхьа йист йоккхур ю ас, – аьлла, шен жӀаьла хьаста а хьаьстина, дуза а дина, лийчийна битаме далийна хӀусамдас. (17)Амма зуда резайоцуш карзахъяьлла.

(18)– ХӀей, стаг! (19)Кхана хуттур аьлла гӀелан цӀога хоттаза дисина, цундела сарале ей дӀаяккхал и къанъелла кож. (20)КӀордийна суна иза. (21)И стенна леладо хӀинца мукъане а? (22) Иза юха къондаларе са-м ца туьйсу ахь?

(23)Шен дукхадезна жӀаьла ден къа а хетта, хи чу кхосса сацам бина цо.

(24)Малх чубуза гергабаханчу хенахь, шен сацам кхочушбан дагахь, и жӀаьла эцна хин йисте вахана хӀусамда. (25)ТӀаккха шеца и лодки чу а хаийна, хиэ гола тухучу меттигехь хи чу кхоьссина цо иза. (26)Амма эццахь лодка агӀор а даьлла, ша а хи чу воьжна хӀусамда. (27)Нека ца хууш волу хӀара хиэ дӀахьош хилла, цо хи чу кхоьссина жӀаьла орцах ца даьллехь.(28)Шен да кӀелхьарваьккхина цо. (29)ТӀаккха, шен жӀаьла эцна цӀа а вахана, шен зуда йита а йитина, кхин зуда а ялийна, охьахиъна и стаг. (30)Делла дӀадаллалц терго еш, дика Ӏалашдеш лелийна и жӀаьла хӀусамдас а, цо керла ялийначу зудчо а.

(31)Хьайна дика дечунна цкъа а вон ма де, вонна дуьхьал а дика де олуш ду вайнехан. (32)Дика дечунна дикалла а шена, вон дечунна волла а шена.

(Ш.А.-Р. Макаловн текстан буха тӀехь)

***2-14 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀаяздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла я дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

«ХӀун бахьана дара зудчо жӀаьла дӀакхосса бахаран?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) *Кхин жӀаьла дало лаьара зудчунна.*
2) *Шен хӀусамда зуьйш яра зуда.*
3) *Хан-зама яьлча, къанделла, тишделла дӀадаьллера жӀаьла.*
4) *Зудчунна жӀаьло катоьхнера.*

Жоп ______________________

3

Меттан суртхӀотторан гӀирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалъяккха.

1) *Да реза ца хуьлуш, дикка хан яьлла.*
2) *Хьо шена чу са диллина вуйла хууш, юха ма деана иза.*
3) *И стенна леладо хӀинца мукъане а?*
4) *Шена дукхадезна жӀаьла ден къа а хетта, хи чу кхосса сацам бина цо.*

Жоп ______________________

4

14, 15-чуй предложенешкара **чолхе дош** схьаязде.

Жоп ______________________________

5

23-чу предложенера **суффиксан** гIоьнца кхолладелла **цIердош** схьаязде.

Жоп ______________________________

6

8-чу предложенера **«хан»** бохучу дашна **синоним** ялае. ДIаязъе иза.

Жоп ______________________________

7

15-чу предложенера **цIерметдош** схьаязде.

Жоп ______________________________

8

25-чу предложенин **грамматически лард** схьаязъе.

Жоп ______________________________

9

9, 10-чуй предложенеш юкъара **цхьанатайпанарчу меженашца** йолу предложени схьалаха. Оцу предложенин терахь дIаязде.

Жоп ______________________________

10

Ешначу текста юкъара лахахь ялийначу предложенешкахь ерриге а цIоьмалгаш терахьашца билгалйина ю. **ТIедерзар** къастош хIиттийначу цIоьмалгийн терахьаш схьаязде.

***Ткъа жIаьла,(1) цунах чIогIа кхераделла,(2) дIатеббинчохь Iаш хилла.***

***–Дика ду,(3) ахь бохург дийр ду,(4) зуда,(5) хьо йолуьйтийла ма дац,(6) кхана цхьа йист йоккхур ю ас,(7) – аьлла,(8) шен жIаьла хьаста а хьаьстина,(9) дуза а дина,(10) лийчийна битаме далийна хIусамдас. Амма зуда резайоцуш,(11) карзахъяьлла.***

Жоп ______________________________

11

18-21-чуй предложенеш юкъара **чолхе предложени** схьалаха. Оцу предложенин терахь дIаязде.

Жоп ______________________________

12

Ешначу текста юкъара лахахь ялийначу предложенешкахь ерриге а цIоьмалгаш терахьашца билгалйина ю. **Юкъадало дош** къастош хIоттийначу цIоьмалган терахь схьаязде.

***Кхано,(1) хан-зама яьлча,(2) голаш эгош,(3) къанделла,(4) тишделла дIадаьлла и жIаьла. Цул сов,(5) кан а даьлла,(6) вортан тIера чоьш дайна хилла. И жIаьла хIинца пайденна дац,(7) вай эрна кхобу,(8) иза дIадаккха бохуш,(9) цIийнда хьийзош хилла зудчо.***

Жоп ______________________________

13

21-чу предложенера **сказуеми** схьаязде.

Жоп ______________________________

14

9-чу предложенера **къастам** схьаязбе.

Жоп ______________________________

**_2-чу декъера ешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь 15.1, 15.2 я 15.3 тӀедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тӀедилларна, ялийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени язъян йолаяле, дӀаязъе хаьржинчу тӀедилларан номер:15.1, 15.2 я 15.3._**

15.1

Лахахь ялийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлаяр язъе, халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггаре хаза, кӀоргера дог-ойланаш ма-ярра цӀена, ниийса, юьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.

Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, ешначу текста тӀера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха я цитированиех пайдаэца.

Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан я публицистически стилехь болх язбан таро ю хьан. Сочинени дӀайоло мегар ду Ш.И. Абдуразаковн дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Ешначу текстана (ялийначу текстана) тӀе а ца тевжаш язбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-ярра схьайийцина я схьаязйина юьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и сапна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени язъе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ... Цу тӀехь яздархочуьнца реза ца хила йиш яц ... ХӀара тезис тӀечӀагӀъеш, хьовсур вай ...
2. Масала, текстан ... предложенехь ...
3. Ткъа ... предложенехь ...
4. Лакхахь далийначу масалшка хьаьжча ...

**<u>Магадо</u>**: ялийна клишеш хийца.

15.2

Лахахь ялийначу клишех пайда а оьцуш, язъе сочинени-ойлаяр. Дийца, муха кхета хьо хӀокху предложенийн маьӀнах: **«Хьайна дика дечуина цкъа а вон ма де, вонна дуьхьал а дика де олуш ду вайнехан. Дика дечуина дикалла а шена, вон дечуниа волла а шена».**

Сочиненехь айхьа ешначу текстера хьайн ойлаяр нийса хилар гойтуш долу **ши** тӀечӀагӀдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха я цитированиех пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-ярра схьайийцина я схьаязйина юьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хададо.

Сочинени язъе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Ешначу кийсакан маьӀнах со ицтта кхета ...
2. Аьлларг тӀечӀагӀдархьама, хьовсур вай предложенешка ...
3. ХӀокху тезисан нийса хилар текстера ... предложенешца тӀечӀагӀдо вай.
4. Цу тайпана, баккъалла а ойла нийса ю ...

**<u>Магадо</u>**: ялийна клишеш хийца.

15.3

Муха кхета хьо **ТЕШАМ** бохучу дешан маьӀнах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь ялийначу клишех пайда а оьцуш, язъе **«Тешаме хилар»** темина сочинени-ойлаяр айхьа билгалдаьккхинчун буха тӀехь. **Тешамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг

тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе ешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь саниа сочинени ша ма-ярра схьайийцина я схьаязйина юьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени язъе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Тешам – иза ... Сан кхетамехь ...
2. Хьовсур вай тексте ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро ю ...

**Магадо**: ялийна клишеш хнийца.

**1 вариант**

| ТIедилларан терахь | Жоп |
|---|---|
| 2 | 3 |
| 3 | 2 |
| 4 | кхераделла |
| 5 | сацам |
| 6 | зама |
| 7 | цунах |
| 8 | кхоьссина цо < я > цо кхоьссина |
| 9 | 10 |
| 10 | 4 5 < я > 5 4 |
| 11 | 19 |
| 12 | 5 |
| 13 | леладо |
| 14 | къена |